Nama: _____ Tanggal: _____

PENILAIAN BAHASA JAWA

Materi Geguritan

PETUNJUK PENGERJAAN

Wacanen geguritan kanthi premati.
Wangsulana pitakon kanthi cetha lan runtut.
Gunakna basa Jawa sing trep lan sopan.
Kanggo soal nomer 6, gawea geguritan nganggo basa Banyumasan.

TEKS GEGURITAN

"IBU"

Ibu...
Swaramu kaya sepo angin esuk
Nentremake ati kang rame
Tanganmu ora kendhat nyambut gawe
Kanggo masa depanku

Nalika wengi teka
Kowe isih ndedonga
Supaya anakmu dadi wong miguna
Tanpa sambat, tanpa pamrih

SOAL URAIAN ANALISIS GEGURITAN

1. Apa tema utama saka geguritan "Ibu" ing dhuwur?
   Jlentrehna alesanmu!

2. Tulisen rong larik geguritan kang nuduhake rasa tresna lan pengorbanan ibu!

LIVEWORKSHEETS

3. Apa amanat kang bisa dijupuk saka geguritan kasebut?
   Jlentrehna kanthi basa panjenengan dhewe!

4. Ing geguritan kasebut ana tembung “Swaramu kaya sepo angin esuk”.
   Kalebu majas apa ukara kasebut? Terangna!

5. Kepiye swasana batin kang dirasakake panganggit sajrone geguritan?
   Jlentrehna nganggo bukti larik geguritan!

LIVEWORKSHEETS

SOAL KREATIF

6. Gawea sawijining geguritan cekak nganggo basa Banyumasan kanthi tema:

   Sekolah
   Alam
   Wong tuwa
   Persahabatan

- **Ketentuan:**
  Minimal 3 bait
  Saben bait minimal 4 larik
  Gunakna ciri khas basa Banyumasan

LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS